

Lindu

Didi Kempot

Remuk, ambruk, uwis malih wujud
Omahe ilang, ilang sak isine
Boto sing abang, soyo cetho wernane
Tetes ing getih ing kono-kene
Jerit suoro tangis bayi kangen ibune
Sing wis sedho, bener ono ning sandhinge

Tetes ing eluh ora biso dibendung
Bebasan udan sing tanpa mendung
Lemah sing garing, bengkah ing wansi enjing
Sopo sing ra nggrantes, nangis ing batin
Jerit suoro tangis bayi kangen ibune
Sing wis sedho bener ono ning sandhinge

Enjing kang sepi tekane kuwi
Lindu sing gawe nangis ing ati

Lindu, lindu, kowe nratap sing do krungu
Wanci enjing sing gawe nangis ing kalbu
Lindu, lindu, sing gawe nangis mripatku
Dino Setu sing dadi saksi kang bisu

Remuk, ambruk, uwis malih wujud
Omahe ilang, ilang sak isine
Boto sing abang, soyo cetho wernane
Tetes ing getih, ing kono-kene
Jerit suoro tangis bayi kangen ibune
Sing wis sedho bener ono ning sandhinge

Lindu, lindu, kowe nratap sing do krungu
Wanci enjing sing gawe nangis ing kalbu
Lindu, lindu, sing gawe nangis mripatku
Dino Setu sing gawe nangis batinku

Dino Setu sing dadi saksi kang bisu